



PRANATACARA 2

Assalamu'alaikum Wr.Wb

Ingkang dhahat kinormatan Bapak Agus Setiawan minangka Babinsa Dusun Abdimulya, Bapak Sugiya minangka RT 02 Dusun Abdimulya, saha sedaya warga RT 02 Dusun Abdimulya ingkang bagya Mulya.

Sumangga kula panjenengan sedaya ngaturaken pamuji syukur dhateng Gusti Allah ingkang sampun paring barokah saha kasaran dhateng kula panjenengan sedaya, satemah saged kempal wonten bale RT Abdimulya ing dalu menika.

Nyuwun idin, kula minangka pranatacara badhe ngaturaken reroncening adicara kempalan RT 02 Dusun Abdimulya ing dalu menika.

1. Pambuka
2. Pangandikan saking bapak Sugiya minangka RT 02 Dusun Abdimulya.
3. Pangandikan saking bapak Agus Setiawan minangka Babinsa Dusun Abdimulya.
4. *Laporan* arta KAS Dusun Abdimulya saking Bapak Wiyana minangka *Bendhahara*
5. Panutup

Kagem bikak adicara ing dalu menika, sumangga kula panjenengan sedaya maos waosan basmallah supados adicara samangke boten wonten alangan setunggal menapa. Sumangga kula dherekaken. Bismillahirrahmanirahim.

Adicara kaping kalih inggih menika pangandikan saking bapak Sugiya minangka RT 02 Dusun Abdimulya. Sumangga. Matur nuwun dhumateng bapak Sugiya.

Adicara kaping tiga inggih menika pangandikan saking bapak Agus Setiawan minangka Babinsa Dusun Abdimulya. Sumangga. Matur nuwun dhumateng bapak Agus Setiawan.

Adicara kaping sekawan inggih menika pangandikan saking bapak Wiyana minangka *Bendhahara* Dusun Abdimulya. Sumangga. Matur nuwun dhumateng bapak Wiyana.

Adicara kaping gangsal inggih menika panutup.

Matur nuwun awit karawuhan sedaya warga ageng Dusun Abdimulya ing dalu menika.

Kula minangka pranatacara nyuwun pangapunten menawi kathah kalepatan anggenipun matur saha kathah kekiranganipun. Sumangga adicara menika dipuntutup kanthi waosan hamdallah sesarengan, kula dherekaken. Alhamdulillahirabilalamin.

Matur nuwun. Wassalamu'allaikum Wr.Wb



Kelompok:

Anggota Kelompok:

Pitakenan

Kaseratna struktur teks pranatacara ing inggil menika lan andharna pawadanipun!

1. Pambuka

Pawadan:

2. Wedharing Gati

Pawadan:

3. Panutup

Pawadan: